Мурадыр: .Еджэнымрэ тхыгъэр зэпкърыхынымк1э я зэф1эк1ыр хэгъэхъуэн.

Задачэхэр:1. «Анэ» рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр къегъэхутэн

2.Дэтхэнэ зы анэри и къалэн лъап1эм хуэфащэу щытын зэрыхуейр къагурыгъэ1уэн, анэм пщ1э, нэмыс хуащ1у,лъагъунытъэ хуа1эр гъэкуууным хуэгъэсэн .

3. Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэ егъэк1уэк1ын.

Эпиграф:

Анэ, ди гущап1эм уэ уепщ1ыхь зэпытщ

Анэ, ди щхьэр тхъуами дыбгъэф1эну пф1эф1щ.

Хэт щы1эн фэ нэхърэ нэхъ гумащ1э.

Псэ хьэлэл зыхэлъ нэхъ гъащ1э мащ1э.

2.Сабиигъуэм и макъамэр

Псэм гу1эгъуэу къыхо1ук1.

Зы телъыджэ насып хъуаск1эу

Гукъэк1ыжхэм холыдык1.

Хьэту П.

<u>Псалъэ гугъухэр:</u> Къэукъубеяуэ- губжьауэ,ину

К1эбгъу защ1-загъэпщк1у,загъэк1уэд

Ибэ-зеиншэ

Щтэ1эщтаблэу- къэщтауэ,гузавэу

Урокыр зэрек1уэк1ынур.

Егъ.Нобэ дэ Къущхьэ С. и рассказ «Анэ» жыхуи1эм дытепсэлъыхьынущ, анэмрэ бынымрэ я кум дэлъын хуей зэхущытык1эм, лъагъунытъэм теухуауэ тщ1эхэм хэдгъэхъуэнущ.

1. Япэрауэ «Анэ» жыхуи1э произведенэр жанр и лъэныкъуэк1э зыхиубыдэр хэт къызжи1эн?

Жэуап : жанр и лъэныкъуэк1э мы тхыгъэр рассказщ.

2.Рассказыр зищ1ысыр сыт? Рассказым и темэр къызжф1эт.

Жэуап : мы рассказым и темэр анэмрэ бынымрэ захуа1эн хуей щытык1эрщ.

3.Рассказым и гупсысэ нэхъыщхьэр схуэвубзыхут.

Жэуап: рассказым щ1элъ гупсысэ нэхъыщхьэр – дэтхэнэ зы анэри и къалэн лъап1эм хуэпэжу ик1и хуэфащэу щытын зэрыхуейр аращ.

3.Хэт сымэ я образхэм дыщрихьэл1эрэ мы рассказым?

Жэуап: рассказым къыхощ: Салимэ, Анусэ, Исмаил, сабийм я образхэр.

Макъамэ гуауэ ,нэщхъей къоуэ.

Егъ.Ц1ык1ухэ гупсэхуу мы макъамэм феда1уэт. Сытым фригъэгупсысрэ макъамэм, сыт хуэдэ 1уэхугъуэ фи нэгу къыщ1игъыхьэрэ мыбы?

Еджак1уэхэм.Сэ мы макъамэм гуауэ гуэр сигу къегъэк1.

-Зыгуэр л1ауэ къысщегъэхъу.

- Зыгуэрым уи гум ежэл1ауэ гуауэ къыщыбжи1эм ещхьщ.

- Анэм и бын щыф1эк1уэдам деж зэрыгу1э зэхэщ1энытъэ сигу къегэк1.

Егъ. Анэ рассказым сытк1э ещхьу п1эрэ мыр?

Едж.Сабийр и анэм щыхыф1идзэм, а сабий ц1ык1ум и гъащ1эр нэщхъей зэрыхъур зэхыуегъащ1э мы макъамэм. **А макъамэ зэхэтхам щ1элъ псалъэхэм дригъэдэ1уэнщ Линэ.**

Урокым и темэм ехьэл1а эпиграфхэр:

Анэ,ди гущап1эм уэ уепщ1ыхь зэпытщ.
Анэ,ди щхьэр тхъуами дыбгъэф1эну пф1эф1щ.
Хэт щы1эн фэ нэхърэ нэхъ гу мащ1э
Псэ хьэлэл зыхэлъ нэхъ гуащ1э мащ1э?

Анэр - псынэмэ.
Анэр - пеэщ.
Анэр Тхьэм и цыфэщ.
Теанэр:

Егъ.Адэ-анэмрэ бынымрэ я зэхущытык1э теухуауэ Тхьэм зэик1 зэхыдимыгъэх апхуэдэ макъами апхуэдэ псалъи. К1эщ1у рассказым и сюжетыр къыдже1эт ,Линэ)

Анэ…

Сабийм псэлъэн щыщ1идзэм деж япэ дыдэу жи1э псалъэр «мамэщ».Абы къегъэлъагъуэ анэм нэхърэ нэхъапэ, нэхъ лъап1э, дэтхэнэ ц1ыхум дежк1и зэрыщымы1эр.

Ижь-ижьыж лъандэрэ анэм епхащ унагъуэм зэгуры1уэ илъынри, сабийр гъэсауэ, хабзэ, нэмыс и лъэныкъуэк1э къэхъунри, къабзагъэ яхэлъынри, лэжьыгъэм есауэ къыдэк1уэтеинри. Дунейр зыгъэнэхур дыгъэщи, зэтезы1ыгъэр гущ1эгъущ, а гущ1эгъумрэ нэхугъэмрэ дэтхэнэ зы анэми и быным иритыну и къалэнщ.

Ауэ,ди жагъуэ зэрыхъунщи, зи анэ къалэныр зымыгъэзащ1э, къалъхуами я сабийр яп1ыжыну хуэмей ц1ыхубзэхэми ди гъащ1эм ущрохьэл1э.

Егъ.Рассказым къызэрыхэщымк1э и пэм щыщ1эдзауэ Анусэ и быным зэрыхуэщ1ы1эм щыгъуазэ дещ1. Фи тхылъхэмк1э къысхуэвгъуэти фыкъеджэт си упщ1эхэм я жэуапым.

1. Анусэ Заур ц1ык1у къызэрыф1эмы1уэхур, езым и щхьэ 1уэху зэрыдэк1ыным ф1эк1э бын 1уэху зэрызэримыхуэр къызыхэщ 1ыхьэм хэт къытхуеджэн?
2. Анусэ щхьэхуещэщ, щхьэхуэф1щ хужып1э хъуну? Дауэ къывгуры1уэрэ а псалъэм къик1ыр?
3. Салимэ и гумащ1агъэр, абы хэлъ гущ1эгъур, ц1ыхугъэр тхак1уэм дауэ дигъэлъагъурэ?
4. Анусэ сабийр детдомым иритыну мурад щищ1ам, Салимэрэ Анусэрэ я псалъэмакъыр

Къущхьэ Сулът1ан и рассказым 1упщ1у къыхимыгъэщми , дауик1, Анусэ си сабийр зэран къысхохъури хыф1эздзэнущ зэрыжи1эу, Салимэ сэ къуэ сощ1 жи1эу и унэц1эр иритк1э зэф1эк1къым. Ахэр суд пащхьэм ихьащ, абыхэм я 1уэху зэ1утыр жрагъэ1ащ,заявленэ ирагъэтхащ. Сэ сывэлъэ1уащ абы теухуауэ теплъэгъуэ к1эщ1 вгъэхьэзырыну.

Судья – Фыкъак1уэ , фыкъыщ1ыхьэ, фыт1ыс. Уегупсыса Анусэ? Сынолъэ1ури ущ1эзгъэк1ыжати, иджыри зэ гупсысэ жыс1эри. Зэман дэк1ыу ухущ1егъуэжыну п1эрэ мы нобэ блэжь 1уэхум?

Анусэ-Сегупсысащ. Сэ иджыри сыщ1алэщ, сабийр си гъусэу си щ1алэм сишэн идэркъым. Сэ ар ф1ыуэ солъагъу. Сабиим сык1эрыщ1ауэ си гъащ1эр схуэхьынукъым.

Судья – А щ1алэм ф1ыуэ укъилъагъур пэжу п1эрэ? Къэмыхъуну п1эрэ мыпхуэдэу: иджыри зы сабий бгъуэтауэ а щ1алэм укъыхиф1ыдзэжмэ, нобэ детдомым епт сабийм ухущ1емыгъуэжыну п1эрэ?



Анусэ – Сэ ар детдомым естынукъым. Мыр Салимэщ ,зи гугъу фхуэсщ1ауэ щытаращ. Салимэ сабийр есащ, ф1ыуэ елъагъу, лей хуигъэзэнк1э шынагъуэ си1экъым.

Салимэ – Сэ Заурчик ф1ыуэ солъагъу .Анусэ щыхуэмейк1э сэ сыныволъэ1у сабийр сэ къызэфтыну. Сэ сабий садым сыщолажьэ ик1и соджэ, сабийр къызэсащ. Анусэ деж нэхърэ нэхъыбэрэ ар сэ сигъусащ, мамэк1э къызоджэ. Сэ ар схуэп1ынущ, сэ къыслъыхъу щ1алэми а сабийр сэ сызэригъусэр, ф1ыуэ зэрыслъагъур и гуапэщ. Сыныволъэ1у си лъэ1ур къысхуэфщ1эну.

Судья – Фи 1уэхум дыхэплъэнщи, пщэдей сыхьэтипщ1ым т1ури фыкъы1ухьэ, унафэ тщ1ынщ. Узыншэу.

Егъ.Сыту гъэщ1эгъуэн мы суд пащхьэм иса ц1ыхубзит1ым я 1уэхур! Зэдывгъэгъапщэт ахэр.

Едж. Мы ц1ыхубзит1ыр сабийм щхьэк1э лъэ1уэну к1уащ. Анусэ, сабийр къэзылъхуам ,ар хыф1идзэну, Салимэ, хъыджэбз ямышэм, а сабийр къуэ ищ1ыну.

Егъ. Судым зэрепсалъэм девгъэгупсыси зэдывгъэгъапщэт.

Едж 1.1энусэ къыф1эмы1уэхуу мапсалъэ, зык1и къуэншагъэ ищ1эу къыщымыхъуу.

2. Салимэ, мэгузавэ, кърамытынк1э мэшынэри ,щхьэусыгъуэу щы1эр къе1уатэ , мэлъа1уэ.

1.Анусэ сыдэк1уэнущи сабийр си гъусэу идэкъым жи.

2.Салимэ си щ1алэм ещ1эр арии арэзыщ жи.

Егъ. Дызэрыщыгъуазэщи 1энусэ сабийр хыф1едзэ. Анэм сабийр щыхыф1идзэм деж суд зэ1уха тращ1ыхьу тазыр тралъхьэркъым ,ауэ апхуэдэ суд нобэ Анусэ тращ1ыхьыну щытамэ абы и щ1эпхъэджагъэр къыщ1игъэщыну , абык1э игъэкъуаншэу хэт увынт.?

Едж.Къущхьэ Сулът1ан щыгъуазэ дызэрищ1амк1э Анусэ сабийм и гущхьэр икъутэу хыф1идзащ ,анэ къалэным ебэкъуащ, абык1э ар къуаншэщ, тазыри къелэжь.

Пэжщ , дэ ди лъэпкъыр дыригушхуэн хуейщ Анусэ хуэдэ зырыз ф1эк1а дызэримы1эм. Анусэ и 1уэхур зэлъытар, сэ сызэреплъымк1э, мы ц1ыхубзыр гъащ1эм ф1ыуэ лъэныкъуэ псомк1и хуэгъэхьэзырауэ зэрыщымытыр арауэ къыщ1эк1ынщ.Анусэ и щхьэм ф1эк1а зыми егупсысыркъым. Рассказым къызэрыхэщымк1э и 1уэху хуэмыщ1ауи пхужы1энукъым. Зыхуей псори егъуэт ,дахэу хуэпащ.И зэманыр и щхьэр зэрытригъэун, зэрызигъэдэхэн ф1эк1ауэ нэгъуэщ1к1э игъэк1уэдыну хуейкъым. Сабийр абы и дежк1э лъахъэщ.

Едж.2 Сэ сф1эгуэныхь мэхъу Анусэ.Хэт зыщ1эр а 1уэху щ1эпхъаджэм ар езыгъэувэл1ар?Сабийр здихьын имы1эмэ-щэ? Лэжьап1э имы1эмэ –щэ? Ек1уэл1ап1э имы1эмэ-щэ?

Едж.3 Апхуэдэ фэ абы теткъым. Няням иритын ахъшэ щи1эк1э лэжьап1и и1эщ.Сабийр анэшэк1э ип1ын идэркъым 1ей сищ1ынущ же1эри. Ар анэ хъун?

Егъ.Анусэ л1ы и1ащ,унагъуэ исащ. Апхуэдэ анэ ф1эк1 къызыхэмык1а Анусэ дауик1 щхьэгъусэф1и,нысэф1и хъуакъым .Дауик1 и закъуэ къызэрынам и щхьэусыгъэри аращ. Рассказым къыхэщыркъым зырик1 Заур ц1ык1у и адэм теухуауэ.Фэ дауэ феплърэ а л1ым и 1уэхум?(зопсалъэхэр)

Егъ.Ц1ыхубзыр гъащ1эм увып1э щхьэхуэхэм ирегъэувэ: ар пхъущ, шыпхъущ, нысэщ, анэщ, гуащэщ, ик1эм-ик1эжым ар анэшхуэщ. А увып1э псоми ц1ыхубзым къалэн пыухык1а ,ауэ зэтемыхуэхэр щегъэзащ1э. Ат1э увып1э къэс щигъэзэщ1эн хуей къалэныр ищ1эу анэ 1ущым игъэса пхъур езыр зеик1 анэ 1ей хъун хуейкъым.Абы дрегъэгупсыс езы Ануси унагъуэ гъэсэныгъэ зэрыбгъэдэмылъам.Мы рассказым епхьэл1э хъуну сыт хуэдэ псалъэжь ди1э?

-«Сабийр къэзылъхуркъым анэр-ат1э зып1ырщ».(аргуэру зэпсэлъэ-зэдэуэныгъэ йок1уэк1)

Егъ. Пэжщ.Къущхьэ Сулът1ан и творчествэм теухуауэ 1992 гъэм къыдэк1а «Адыгэ псалъэ» газетым итщ мыпхуэду:

«Анэ» рассказыр зытепсэлъыхьыр псалъит1у къыжып1э хъунущ. Рассказым ф1ища ц1эм укъеджэу ,езы тхыгъэм щыгъуазэ зыхуэпщ1а нэужьк1э ,белджылы мэхъу: анэк1э узэджэнур тхыгъэр зытепсэлъыхь сабийр къэзылъхуа бзылъхугъэракъым , ат1э а сабийр зып1ырщ , къимылъхуами, гурыщ1э къабзэк1э абы анэ хуэхъу хъыджэбз ныбжьыщ1эращ.Сабийр зей дыдэм имы1а анэ гурыщ1эр ц1ыхугъэшхуэ зыхэлъ хъыджэбзым и1эу къыщ1ок1эк1.Мыбдеж къыхэзгъэщыну сыхуейт , япэк1э къыдэк1а тхыгъэм къыщамы1эта а темэр лъэщу, пэжагъ хэлъу тхак1уэм зэрызэпкърихар.

Егъ.Сыт хуэдэхуд.изобр. 1эмалхэр къигъэсэбэпа тхак1уэм, мы тхыгъэм къыщы1эта 1уэхугъуэхэр нэхъ зыхэтщ1эн щхьэк1э.?

Едж.Тхыгъэм и бзэр къагъэщ1эращ1э эпитетхэм ,зэгъэпщэныгъэхэм, къэгъэпсэуныгъэхэм.

Егъ. Девгъэплъыт доскам ит псалъэухахэм .

Жыгхэм ф1эхъус езыхыжа тхьэмпэхэм упщ1э къуэлэныр щ1ылъэм траубгъуэ. Вагъуэ зырызхэм ,япэ ищауэ , нащхьэ къащ1 . Жэщым губжьауэ уэрамым уэс псыфыр къыдеупц1э. Жыгхэм щэ1уу жьым щхьэщэ хуащ1. Уафэм и къэптал ф1ыц1эр къалэм къыщхьэщиубгъуащ ,вагъуэ уимыгъэлъагъуу.

Адэк1э къыпыдощэ.

«Анэхэр-ар псынэщ. Ар –псэщ. Ар тхьэм и щ1асэщ».

Едж. Сэ сызэрегупсысымк1э,анэм теухуауэ жамы1а псалъэ гуапэ къэгъуэтыгъуейщ.

Сэ сигу ирихьащ мы псалъэхэр:

Адыгэл1ым ныбжь зи1э дэтхэнэ зы ц1ыхубзми зэрызыхуигъазэр – нэ дахэк1э еплърэ, щабэу – ДиАнэ – жи1эу аращ.

Уегупсысым апхуэдэ 1уэху бгъэдыхьэк1эр икъук1э захуагъэщ ик1и нэмысрэ зэхэщ1ык1 лъагэрэ къызэхэщ 1уэху бгъэдыхьэк1эщ .

Анэхэракъэ псэм и къуэпсыр.

Анэ … Си Анэ… Узыпэсщ1ынур си нэхэра, хьэмэрэ си псэра? Хьэуэ мащ1э1уэщ а т1ум языхэзри. Нэри псэри зэгъусэу пхуэзгъэфащэмэ ,нэхъ сф1эзахуэщ.

Урокым и темэм темэм епхьэл1эхъуну псалъэжьхэр.

1.Сабииншэр насыпыншэщ.

2.Анэ зимы1эм гу1эр и махуэщ.

3. Ц1ыху зып1 ц1ыху уасэ хон.

4. Анэм и хабзэр, пхъум и бзыпхъэщ.

5. Анэр нэм хуэдэщи, адэр дэм хуэдэщ.

Усэхэм, уэрэдхэм 1энусэ хуэдэ анэм и щытык1эр къыхэщу фрихьэл1а?

Сабийм и гъыбзэ

Си1акъым сэ анэ гумащ1э
Си щхьэфэм 1э къыдилъэну,
Си1ами адэ сымыщ1э,
И л1ыгъэм срипэгэну.
Псоми къызжа1эрт си анэм
Сыц1ык1уу сыхыф1идзауэ.
Зеиншэ хъуахэр щап1ыжым
Сриту зигъэпщк1ужауэ.

Ежьу:

Ей мамэ, мамэ, къеда1уэт
Мы сэ си гъыбзэм.
Сытк1э сыкъуаншэ, къызже1эт,
Анэбгъэм уэ сыкъыщ1эпчу,
Уи гущхьэр къызэгуэмычу,
Плъэк1ащи сыхыф1эбдзэну.
Ар дауэ си гум техуэну?
Къыспэплъэр хэт къызжи1эну?
Си гуауэр хэт хуэс1уэтэну?
Анэк1э хъуну-т1э уеджэ,
Бын хыф1эзыдзэм апхуэдэу,
Гу1эгъуэ нэпсым къыхинэу
Ежьэжу и гум къыхуидэу.
Гъыринэ сэ къысф1ащауэ
Ц1ыху псори къысщыдыхьэшхыу.
Тхьэ я1уэрт сэ сф1эмык1ауэ,
Хэт ф1адыгъуари к1уэдари.

Ежьу:

Зыгуэрым игу къысщ1эгъуамэ,
Сыщыгъ к1э къысщхьэщыжамэ,
Зесшэк1ырт къысф1эщ1у си анэу.
Уэ пщ1эуэ п1эрэ, си анэ,
Сэ нэпсым ситхьэлэжами,
Е си адэ-анэм фи бамп1эм
Сип1ык1ыу сыщ1алъхьэжами.

Ежьу:

6.Анэр нэщи, адэр лъэпкъщ.

7.Анэм и быным хуищ1эр ф1эмащ1эщ.

8. Анэм къуипэсыр гунэсщ.

9.Анэм къуитыр 1эф1щ.

10. Быныр нэм и хъуахуэщ.

11. Уи анэрэ уи нит1рэ.

12.Бынышэ лъэужьыншэ.

Анэм теухуауэ сабийхэм ящ1а сурэтхэр гъэлъэгъуэн,тегъэпсэлъыхьын.

Егъ.Анэм и пщ1эу, къалэн щ1ыхуэу

Дапщэ бынхэм къатена?

Къахэк1ауэ п1эрэ ц1ыхухэм

Ар нигъэсу зыпшына?

Нэгумэ Умар

Мы дунейжьыр къызэригъэщ1рэ ди щ1ы напэм ц1ыху лъэпкъыу щызек1уам зы закъуэ яхэтакъым анэм и псэм къыхэмык1арэ ,анэм псэк1э зэримыхьарэ. Анэр езы дыдэр гъащ1эм къыщ1ыхыхьауэ щ1эпсэур и быныращ. Аращ анэм и быныр псэк1э щ1игъэхуабэр, щ1игъэгушхуэр, езым и щ1алэгъуэ – дахэгъуэм щ1эмыф1ыгъужу абы щхьэузыхь щ1ыхуищ1ыр. Езы анэми и псэр пызыгъэт и гугъэр а и быным и псэуныгъэращ, Абы зыгуэр къыщыщ1ым, анэм и псэри дыхэк1ынущ, япэ ищынк1и хъунущ… Арагъэнщ нобэр къыздэсым анэм ип1а бынхэм зы закъуи къыщ1ыхэмык1ар - «Мис мыр си анэм хуэфащэщ, абы къысхуищ1эм мыр уасэу пэувыфынущ» жызы1эфа! Къахэк1ауи къахэк1ынуи си гугъэкъым.

Анэр сыт щыгъуи анэщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи , щы1эщ бын зи анэр зымыгъэпэж, анэр зэхэзымыщ1ык1. А темэр къызыхэщ тхыгъэ деджащ классщ1ыб урокым.Ар НалоАхъмэдхъан и «Псыхьэ нанэ» новеллэрщ. Дауэ къыфщыхъуат а тхыгъэр?

Едж.Бышэ ц1ыхубз щ1алэу и щхьэгъусэр абрэджхэм я1эщ1эк1уадэри фызабэу къэнащ. Хьэзабыр телъу ип1а и щ1алит1ыр балигъ щыхъу дыдэм зауэр къохъей. Щ1алит1ри дзэм

ираджэ ,мыгувэуи Бышэ и къуэ нэхъыжьыр егъеиж. Нэхъыщ1эм зауэр иуха нэужь хъыбар и1акъым зыкъомрэ . Зауэ нэужьым абы унэм къигъэзэжыркъым ,ат1э унагъуэ зрегъэпэщри хъыбари и анэ тхьэмыщк1эм къримыгъащ1эу ик1и абы и псэук1эм емыгупсысэу мэпсэу.

Фызыжьым куэд егъэвыр игъэв къудей мыхъуу и щхьэри т1эк1у ток1. Махуэ къэс жэщ хъухук1э псы къехь, псы къихьар ирек1утыж. « Хуабэ хъуащи , Хьэути игу ирихьынкъым ефэн хуей хъум,»- жери , аргуэру трегъэзэжри псыхьэ мак1уэ. Хэплъэгъуэщ мы фызыжьым и 1уэхури. Жэщк1э «сыхэжеянурэ Хьэути бжэм куэдрэ къеуэнущ къэк1уэжмэ»,- же1эри зимыт1эщ1у зегъэук1уриижри гупсыпсэн щ1едзэ.

Едж.Анэ гумащ1эщ сэри джыпсту сызыфхутепсэлъыхьынур. Ар К1эщт Мухьэз и «Нанэ» рассказырщ. Зауэм хэк1уэда и къуэр къэк1уэжыну пэплъэ анэрщ мы рассказыр зытеухуар. Хуабжьэу сигу ирихьащ рассказым мыпхуэдэ пычыгъуэхэр: «Шыпсыранэм ещхьу гу лъыдмытэжурэ бынхэм ди анэм я гур гуауэм едмыгъэсу п1эрэ»? Гъащ1э 1эф1ыр къызэзыта . си анэ! Къуалэбзухэр ушэу зыхэзыгъэха, си анэ! Си 1эпэр и1ыгъыурэ си япэ лъэбакъуэр сэзыгъэча, си анэ…

Егъ.Иджыпсту зи гугъу фщ1а рассказхэм сигу къагъэк1ыжащ мы псалъэжьыр : «Анэм и лъагъунытъэр псы ежэхым хуэдэщи ,быным и лъагъунытъэр псы 1уфит1ым я зэхуаку хуэдизщ». Дауэ къывгуры1уэрэ мы псалъэжьыр?

Нобэ зи гугъу тщ1а «Анэ» новеллэм хэт Заур ц1ык1у и гъащ1эр дауэ фи нэгу къыщ1эвгъыхьэрэ? Илъэсипщ1 дэк1а нэужь ,Заур балигъ хъуа нэужь зэхищ1ык1ыну п1эрэ абы и анэ Салимэ? (зопсалъэхэр)

Егъ.Сэри къысщохъу Заур ц1ык1у и анэ Салимэ зэхищ1ык1ыну. Анэм бынхэм ятригъэк1уадэ узыншагъэри, гъащ1эри, щ1алэгъуэ-дахэгъуэри трищ1ыхьыфыркъым бынхэм а псор зэхищ1ык1ын-зэхимыщ1ык1ыным. Ар дэнэ къэна и 1эплъэпкъым щыщ гуэр хригъэхыфынущ, Иджыпсту жыс1ахэм пэджэу Бемырзэ Мухьэдин и усэ ц1ык1у «Анэм и псалъэ»жыхуи1эм фыкъеджэну сыхуейщ.Анэр зэхащ1ык1ым и насыпщ, зэхамыщ1ык1ым и насыпыншагъэщи, Тхьэшхуэм псори дищ1 анэпсэр зэхэзыщ1ык1ын бын. **Оценкэхэр гъувын.**

Унэ лэжьыгъэ. 1.Сочиненэ тхын «Анэ» .2 «Анэ» темэр зи ф1эщыгъэц1э компьтернэ презентацэ гъэхьэзрын.

МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ,НАУКИ И ПО ДЕЛАМ МОЛОДЕЖИ КБР

Государственное казённое общеобразовательное учреждение «Школа-интернат для детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, № 5 с.п. Нартан»

(ГКОУ «ШИ № 5 с. п. Нартан» Минобрнауки КБР)

Адыгэ литературэмк1э

8-нэ классым щек1уэк1а урок зэ1ухам и методическэ разработкэ.

Темэр: Къущхьэ С.Х. и рассказ «Анэ»-м хэт л1ыхъужьхэу Анусэрэ Салимэрэ я образыр зэпкърыхын, зэгъэпщэн.

Егъэджак1уэр Сабий Ф.Х.

Нартан 2017